



5 Bagay Ou Bezwen Konnen Pwoteksyon kont Diskriminasyon oswa Pèsekisyon nan Lojman poutèt Idantite oswa Prezantasyon kòm Gason oubyen Fi

- 1 Lwa Noujèze kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination, oswa LAD) defann fè diskriminasyon oswa pèsekite moun nan lojman poutèt idantite oswa prezantasyon kòm gason oubyen fi, kit se vre, kit sa soti nan pèsepsyon, tankou lè yon moun se yon transjann, oswa li pa gade tèt li kòm gason ni kòm fi, oswa li pa konfòmis kòm gason oubyen fi, oswa lè moun lan parèt konsa.**

Lalwa defann yon kote ki nan komès lojman fè diskriminasyon poutèt idantite oswa prezantasyon yon moun kòm gason oubyen fi. Pa egzanp, yon vandè, ajan imobilye, mèt lojman, asosyasyon pwopriyete, oswa lòt kote ki nan komès lojman pa gen dwa refize lwe oswa vann, ni refize fè reparasyon, ni eseye mete yon moun deyò, ni eseye fè li peye plis pou lwaye oswa lòt pri paske moun lan se yon transjann.
- 2 Mèt lojman ak lòt kote ki nan komès lojman pa dwe pèmèt moun pèsekite yon kliyan poutèt idantite oswa prezantasyon li kòm gason oubyen fi nan yon jan ki lakòz yon anbyans ostil. Kidonk, pa egzanp, yon manadjè pa gen dwa refize pran aksyon si li konnen oswa ta dwe konnen yon sipèvizè bilding pèsekite yon kliyan konsa, paske kliyan an pa gade tèt li kòm gason ni kòm fi.**
- 3 LAD vle pou yo trete moun dapre idantite yo kòm gason oubyen fi. Nan pami lòt bagay, moun ki transjann gen dwa sèvi avèk twalèt oswa chanje chanm dapre idantite yo kòm gason oubyen fi, epi mande pou moun rele yo dapre non, tit, ak pwonon yo chwazi pou tèt yo. Yo pa bezwen montre okenn "prèv" patikilye pou sèks yo, pou yo ka sèvi avèk dwa sa yo. Pa egzanp, yon jimnaz pou gason ak fi pa gen dwa defann yon fi transjann sèvi avèk vestyè pou fi nan jimnaz la paske yo pa ta vle lòt kliyan yo santi yo pa alèz poutèt sa.**
- 4 Yon mèt lojman oswa yon kote ki nan komès lojman pa gen dwa fè vanjans kont yon moun paske moun lan sèvi oswa eseye sèvi avèk dwa sa yo oswa lòt dwa LAD rekonnèt.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou pote yon plent, ale nan adrès [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele nan nimewo **1.833.NJDCR4U**



NJ Office of the Attorney General
[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)

 **DIVISION ON
NJ CIVIL RIGHTS**
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



02/25/21